

# Enpòtan



Nan fason pou reouvè biznis ou, tanpri ranpli ak siyen lis verifikasyon ki annaprè a depi ou fin ranpli modèl Plan Kontwòl COVID-19 ou

---

Yo dwe afiche postè a yon kote nan lokal biznis la ki vizib pou anplwaye ak vizitè yo. Mèsi pou efò ou fè pou retounen nan biznis pandan wap kenbe Massachusetts ansekirite

# Byenveni



Tanpri konnen ke nou pran responsablite nou pou kenbe Massachusetts ansekirite trè oserye. Asire ke nou te pran mezi ki annaprè yo pou konfòme avèk estanda sekirite obligatwa pou plas travay yo:

Anplwaye yo ap kouvri figi yo e nou te mete mezi distans sosyal anplas



Nou bay kapasite pou lave men e nou toujou ap dezenfekte kote yo manyen anpil yo



Anplwaye nou yo te resevwa fòmasyon osijè distans sosyal ak pwotokòl ijyèn



Nou te etabli pwotokòl pou dezenfekte ak netwayaj apwofondi



Nou mande patisipasyon pa w ansanm avèk mete mask nan figi w epi kenbe distans sosyal. Mèsi—e nou espere wè w ankò byento.